



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/28/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$2.2 MILYON NAN REYABILITASYON ANTRE FASAD ASENAL HARLEM, KAY GAD LAME NASYONAL NEW YORK “KONBATAN LANFÈ” “HARLEM HELLFIGHTERS”

Pwojè reyabilitasyon an ap resevwa pi gwo prim New York Landmarks Conservancy paske li konsève eritaj achitekti Vil New York

Eta New York ap investi preske \$15 milyon dola nan bi pou renove asenal la, yon pati nan pwojè \$52 milyon eta ak federal ke Depatman Defans Ameriken te antreprann

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon pwojè \$2.2 milyon pou renove antre fasad Asenal Harlem, kay Gad Nasyonal Lame New York “Harlem Hellfighters,” ap onore avèk Prim Lucy G. Moses. Distenksyon sa se pi gwo prim New York Landmarks Conservancy e li rekonèt efò eksepsyonèl ki vize nan konsève eritaj achitekti Vil New York. Reyabilitasyon antre fasad la se yon pati nan yon pwojè \$52 milyon ki te antreprann pou renove bilding istorik la.

“Asenal Harlem reprezante yon konpozan enpòtan nan istwa inik New York ak istwa pase Harlem Hellfighters,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa ap non sèlman onore sakrifis ak eritaj yo, men lap asire ke asenal la rete yon atou ekonomik ak edikasyon pou jenerasyon kap vini yo. Mwen fyè de efò nou pou konsève peyizaj enpòtan Empire State epi remèsye New York City Landmarks Conservancy pou prim sa a.”

Fasad pwojè a ap ranplase 300 pyès terra cotta, sa ki te dekore devan bilding lan epi ranfòse fondman ranpa miray la. Travay ki pi aparan gen ladan ranplase de senk-pye wo Art Deco eagles – chak gen ladan 13 pyès endividyèl – dekore kwen antre lokal la. Ranplasman eleman dekoratif terra cotta ansanm avèk èg yo te kreye pa western New York firm Boston Valley Terra Cotta nan Orchard Park, sa ki te fabrike pwodui seramik pou plis pase yon syèk.

Pri total pou travay fasad la ap separe ant gouvènman eta ak federal, avèk finansman \$1.2 milyon eta e gouvènman federal la te bay \$1 milyon nan bi efò renovasyon sa. Nan kad renovasyon konplè asenal la Eta New York pral investi \$14.8 milyon dola pandanke Depatman Defans Ameriken ap finanse rès \$37.4 milyon dola.

Pwojè a te gen ladan pou l refè fasad asenal militè a ki domine sou 5th Avenue nan direksyon Rivyè Lès ak Harlem River Drive. Yo te konstwi asenal la nan de seksyon pou loje 369^{yèm} Rejiman Enfantri: yon modèl medyeval sal egzèsis ki te fini nan 1924, ak konplèks biwo adminstratif Art Deco ki te fini nan 1933.

Planifikasyon pou restorasyon fasad 5yèm Avenue an te kòmanse restorasyon an nan Septanm 2012 e konstriksyon an te fini nan dat 2 Janvye 2015. Nouvo faz restorasyon fasad la pral pote 142nd street ak 143rd street toupre asenal la nan menm nivo ke 5yèm Avenue a. Travay sou renovasyon asenal la te kòmanse nan kòmansman ane 2015, avèk objektif pou fè inite yo retounen ajou nan bilding lan nan kòmansman 2017. Ansanm avèk pou renove enteryè biliding lan anjeneral ak sistèm chofaj ak vantilasyon, pwojè a gen ladan enstale yon sistèm kominikasyon / done modèn. Anplis, etablisman an ap gen ekipman odyo ak vizyèl modèn nan salklas ki seleksyone yo ansanm avèk espas administratif.

Yo te fè bilding lan vini yon referans Vil New York nan ane 1985 e yo te plase l sou plas ak sit istorik rejis nasyonan Eta New York nan ane 1994. Kenbe aparans bilding lan te enpòtan pou Divizyon Afè Militè ak Lamarin Eta New York ak Biwo Sèvis Jeneral. Biwo Sèvis Jeneral la te sèvi kòm Manadjè Pwojè a kap travay nan non Divizyon Afè Militè ak Lamarin. Achitèk pou pwojè sa se te Konpayi Achitekti ak Jeni STV nan Vil New York.

“Asenal nou yo se plas pou Sòlda Sitwayen nou yo antrene, prepare pou deplwman, e li te sèvi tou kòm baz operasyon pandan ijans kidonk li enpòtan ke yo renove ansyen bilding lan pou adapte a bezwen fòs militè 21^{yèm} syèk.” **te deklare Majò Jeneral Anthony German, Adjidan Jenral New York.** “Men asenal nou yo fè pati tou nan kominote yo e nou vle konsève aparans strikti istorik sa yo ki fè pati nan katye Vil New York yo. Rekonesans sa ki soti nan Landmarks Conservancy montre ke nap akonpli objektif sa.”

“Se yon privilèj paske nou sipòte Divizyon Afè Militè ak Lamarin avèk pwojè konsèvasyon ak renovasyon pou asenal lejandè sa,” **te deklare Komisyonè Biwo Sèvis Jeneral RoAnn Destito.** “Nou apresye efò ak sansibilite istorik tout moun ki te patisipe nan restorasyon an, sa ki se yon refleksyon fyète sou eta nou an ansanm avèk tout inite militè ki travay e ki te travay nan bilding sa a.”

Depite Charles B. Rangel te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou efò l nan restore pati enpòtan enkwayab sa nan istwa Harlem ak eritaj li. Kòm yon veteran nan Lagè Kore mwen te gen lonè pou m swiv anprent Harlem Hellfighters, ki te montre kouraj vanjans ak patriyotis malgre yap fè fas a rasis lakay yo. Mwen te fyè paske mwen te garanti yon chatè pou 369yèm Rejiman Enfantri nou pap janm bliye kontribisyon yo nan peyi nou an. Renovasyon \$2.2 milyon sa ap asire ke istwa sòlda nwa yo ki te simonte obstak yo ap kontinye enspire jenerasyon Ameriken yo.”

Achitèk Prensipal STV Leonard Sherman te deklare, “Pou moun pami nou nan pwofesyon konsèvasyon istorik ak achitekti, sa se yon prim ki prestijye anpil ki reprezante travay konsèvasyon eksepsyonèl. Se yon onè pou m fè pati nan restore ak

konsève yon pati enpòtan konsa nan istwa achitekti Harlem ak eritaj kiltirèl, epi paske li se yon gwoup elit nan peyizaj vil la ke Konsèvasyon an rekonèt.”

Asenal la, te bati pou loje 369^{yèm} Rejiman Enfantri, kounye a se kay 369^{yèm} Brigad Sustainment Gad Nasyonal Lane New York. Inite sa pote istwa ak onè Konbatan Lanfè Harlem nan Premye Gè Mondyal.

369yèm Rejiman Enfantri a se te yon inite Gad Nasyonal New York ki te vini selèb pandan Premye Gè mondyal avèk Lane Fransè. Yo te travay sou kòmandman Lafrans akòz segregasyon nan Lane Ameriken pat vle sòlda nwa nan konba. Plis pase 100 manm nan rejiman an te resevwa Lakwa Gè Fransè e inite a te sèvi plis pase sis mwa nan batay. Pandan jou yo nan konba gason yo nan 369yèm lan pat janm pèdi yon tranch sou enmi a oswa bat an retrèt. Opozisyon Alman an te bay rejiman yon tinon “Konbatan Lanfè” akòz yo te fewòs nan batay.

Manm ki pi selèb nan 369yèm lan se te Sèjan. Henry Johnson ki te goumen kont yon atak Alman kont pozisyon eklerè l nan nwit 14-15 Me 1918. Johnson ansanm avèk kòlèg li, Needham Roberts, te afiche pi lwen pase twou prensipal la lè yon douzèn ajan Alman te atake yo nan chèche prizonye. Lè Roberts te vin pa ka lite ankò, Johnson te konbat pou kont li, ame avèk kouto bolo l e li te touye plizyè sòlda Alman nan pwosesis la. Pandanke yo te bay Johnson prim French Croix De Guerre, li pat resevwa okenn onè militè Ameriken. Yo te korije erè sa nan 2015 lè yo te bay Johnson Meday Donè a tit apre lanmò pa Prezidan Barack Obama.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418